Pran mango-a epi mete l nan mitan zoranj-la ak melon-an.
Menyen zepòl dwat ou.
Al chèche kouto-a epi bay Mari kouto-a.

Basic Material I

The following segment does not consist of commands but rather your asking "where" questions and students pointing to the location of the object. If some students wish to answer the questions orally, that is definitely acceptable behavior but it should not be forced. Before starting this segment it is a good idea to have placed objects in various locations throughout the room.

*Ki kote kreyon-an ye? (Students point to the pencil, etc...)
(Kreyon-an sou tab-la or Li sou tab-la)
*Ki kote sèvyèt-la ye?
(Li anba tab-la)
*Ki kote liv Kawòl-la ye?
(Li dèyè chèz ou)
*Ki kote soulye pwofesè-a ye?
(Li devan pòt-la)
*Ki kote Mari ye?
(Li agòch Anita)
*Ki kote Jan ye?
(Li nan mitan Pyè ak Dolorès)
*Ki kote plim Toma-a ye?
(Li anba men dwat li)
*Ki kote cheve m ye?
(Yo sou tèt ou)

Novelty

Jan kache kreyon ou.
Anita, al chèche kreyon Jan-an. Ki kote li ye?

Lwi, fèmen je-ou.
Kawòl, kache plim Lwi-a anba liv pwofesè-a.
Lwi, louvri je ou epi al chèche plim ou. Ki kote li ye?

Tout moun, fèmen je nou.
Mari, al kache fouchèt-la.
Tout moun, louvri je nou epi al chèche fouchèt-la. Ki kote li ye?

Basic Material II

Fèmen je ou epi dòmi.
Mak, lè mwen konte rive nan dis, fèmen je ou epi dòmi.
*Mak ap dòmi.
Pa reveye l.
Reveye l.

Fèmen je ou, dòmi epi wonfle.
Anita, mete tèt ou sou tab-la, fèmen je ou, dòmi epi wonfle.
*Anita ap wonfle.
Anita, louvri je ou, leve epi rele.

Toma, fèmen je ou, dòmi epi wonfle.
*Toma ap dòmi. L ap wonfle tou.
Mari, mache rive sou Toma, souke l, reveye l.
Toma, pa dòmi, leve epi lave figi ou.

Penchen bra ou.
Penchen nen ou.
Penchen pwofesè-a nan bra l.
Penchen Lwi nan zorèy li.

Novelty

Dolorès, al chita sou jenou Jak. Mete tèt ou sou zepòl li, fèmen je ou, dòmi epi wonfle.

Jak, rale cheve Dolorès epi reveye l.

Dolorès, rele, frape Jak dousman nan figi l, kanpe epi kouri vit sou chèz ou.

Listening/Reading Activity - DISTRIBISYON POPILASYON-AN

Ayiti se yon peyi ki pòv anpil, se yon peyi ki sou devlope. Paske peyi-a sou devlope, Pòtoprens kapital-la, se sèl vil vrèman kote gen aktivite. Gen de twa izin epi de twa faktori kap fè vil-la mache. Men nan lòt vil-yo tankou Jakmèl, Okay oswa Okap ke yo rele pwovens pa gen anpil biznis Anpil moun pwovens oblije vin Pòtoprens pou yo eseye jwenn travay.

Mas popilasyon ayisyèn-lan pa rete Potòprens, li pa rete nan pwovens non plis. Li rete nan kanpay, nan mòn ki tou otou vil-yo. Li rete an deyò. Moun an deyò se moun ki pòv anpil, se peyizan-yo. Se moun ki pa kapab manje twa fwa pa jou; se moun ki pa kapab voye pitit-yo lekòl. Se moun k ap trimen anpil.

Chapit 9

Reentry Material

Tout moun dòmi epi wonfle.
Reveye, kanpe epi al nan twalèt.
Lave figi nou epi bwose dan nou.
Penyen cheve nou.
*Ki kote tout moun ye?
Yo nan twalèt-la.

Basic Material I

*Jan wo.
*Mari kout.
Jan, al kanpe kote yon fi ki wo.
Mari, al chita kote yon gason ki kout epi mete men ou sou tèt li.

*Mwen kontan.
*Mwen chagren.
Penchen elèv ki chagren-an.
Kwoke elèv ki kontan-an.
Penchen elèv ki agòch ou-a.
Kwoke elèv ki adwat ou-a.

Lave men ou.
*Men ou mouye.
Siye men ou.
*Men ou sèk kounyea.
Mak, vide dlo sou tab-la.
*Tab-la mouye.
Dolorès, al siye tab-la.
*Kounyea, tab-la sèk.

Novelty

Anita, fèmen je ou, kanpe, mache dousman rive sou tablo-a, chita atè-a, dòmi epi wonfle.
Jak, al nan twalèt-la, mete dlo nan vè-a, kouri vit rive sou Anita epi vide dlo sou tèt Anita.
*Anita reveye. Tèt li mouye. Li pa kontan.
Kawòl, mache rive sou tab-la, pran sèvyèt-la epi siye cheve Anita.

35
BEST COPY AVAILABLE

Basic Material II

Pran liv-la.
Jete liv-la atè-a.
Pran kreyon-an.
Jete kreyon-an atè-a.

Ivòn, pran boul-la.
Voye boul-la sou Mari.
Mari, atrap boul Ivòn ap voye sou ou-a.

Anita pran kreyon wouj-la ak kreyon jòn-lan.
Jete kreyon wouj-la.
Voye kreyon jòn-lan.

Frape Dolorès.
Dolorès, kriye.
Toma, lè pwofesè-a penchen ou nan men ou, kriye
*Pwofesè-a move.

Novelty

Jan, kouri tout otou klas-la epi penchen bra gòch tout moun-yo. Tout moun, kriye.
Lwi, lè Kawòl voye boul vèt-la sou ou atrap li. Mache rive sou fenèt-la, louvri l epi voye boul-la deyò. Ou menm move.
Mari, al chita kote pwofesè-a. L ap dòmi. Souke l dousman epi penchen figi l. Lè li reveye, kouri vit sou chèz ou.

Chapit 10

Reentry Material

The following is done with number flashcards.

Mete nimewo douz kote nimewo trèz.
Mete nimewo kenz devan nimewo kat.
Mete nimewo disèt dèyè nimewo katòz.
Mete nimewo twa adwat nimewo dis.
Etc....

Tout moun, pran plim nou epi ekri nimewo - yo lè mwen di yo: 4, 9, 10, 16, 19, 20, 30, 42, 50, 18, etc.

Basic Material I

The following segment introduces the question element "konbyen." Students may answer the questions orally or may show the answer using their fingers or writing the number on a piece of paper. Before starting this segment, place different numbers of items in various locations throughout the room.

*Konbyen men ou genyen? De.
*Konbyen dwèt ou genyen? Dis.
*Konbyen pye ou genyen? De.

*Konbyen liv genyen sou tab-la?
*Konbyen kreyon genyen sou liv pwofesè-a?
*Konbyen elèv genyen nan klas-la?

*Konbyen zoranj genyen anba chèz Mari-a?
*Konbyen plim genyen nan tas-la?
*Konbyen fenèt genyen nan klas-la?

Novelty

Dolorès, mache tout otou klas-la epi pran plim chak elèv-yo.
Mak, konbyen plim Dolorès genyen?

Toma, mete liv ou sou tèt pwofesè-a.
Anita, konbyen liv genyen sou tèt pwofesè-a?

Tout moun, mete kreyon nou devan chèz nou.
Jak, kanpe epi konte konbyen kreyon genyen devan chèz elèv-yo.

Basic Material 1I

Mete chemiz-la.
Boutonnen chemiz-la.
Deboutonnen chemiz-la.
Wete chemiz-la.

Mete jip-la.
Zipe jip-la.
Dezipe jip-la.
Wete jip-la.

Mete kòsaj ou.
Wete soulye dwat ou.
Dezipe pantalon ou.
Wete pantalon ou.
Deboutonnen wòb ou.
Deboutonnen chemiz ou.

Al nan mache-a.
Eseye kòsaj-la.
Eseye jip-la.
Eseye wòb ble-a.

Novelty

Ivòn, deboutonnen chemiz ou, wete l epi depoze l atè-a devan tablo-a.
Mari, wete soulye gòch ou epi voye l sou tab pwofesè-a.
Jan, pran chemiz ki sou tab-la. Mache rive sou Toma epi ba li chemiz-la.
Toma, eseye chemiz-la, boutonnen li epi kouri devan klas la. Rete, deboutonnen chemiz-la, mete li sou chèz Anita-a epi dezipe pantalon ou. Tout moun rele.

Listening/Reading Activity - KANAVAL

Nan kilti ayisyèn-lan Kanaval se yon bagay ki enpòtan anpil. Tou patou nan peyi-a, pèp ayisyen-an selebre kanaval nan mwa fevriye.

Kanaval dire twa jou. Li komanse dimanch, li fini madi. Twa jou sa-yo rele Madi Gra.

Madi Gra se yon okasyon fèt ak banbòch. Moun-yo degise epi yo danse nan tout lari. Lè Madi Gra genyen djaz ak okès ki defile nan lari. Yo jwe misik cho anpil pou moun kapab danse. Devan oswa deyè chak okès, genyen yon cha. Sou chak cha genyen yon rèn byen abiye k ap salye foul-la epi k ap voye sirèt pou moun-yo. Toujou genyen yon foul moun k ap suiv okès ak cha yo, k ap bwè tout kalite tafya tankou kleren ak ronm. Yo fòme bann Madi Gra. Nan bann Madi Gra moun fè sa yo vle, yo defoule tèt yo.

Vocabulary List II

This second list of words includes all new items introduced in lessons 6-10. First read them out loud and then ask students to do so in order to reinforce sound-symbol association. Practice role reversal by asking students to select any three words and use them in commands for other students to act out. The latter can be done more efficiently if you divide the class in groups of 3 or 4.

I. Vèb (verbs)

manje	eat	lave	wash
bwè	drink	(al) chèche	look for
leve	raise, get up	kenbe	hold
reveye	get up	penyen	comb
konte	count	bwose	brush
domi	sleep	wete	take off
wonfle	snore	boutonnen	button
souke	shake	deboutonnen	unbutton
penchen	pinch	zipe	zip up
jete	drop	dezipe	unzip
atrap	catch	kwoke	hug
kriye	cry	vide	pour
souri/ri	smile	siye	dry
eseye	try on	genyen	have
mete	put on		

II. Bagay ki nan kuizin-nan (kitchen items)

kiyè	spoon	tas	cup
fouchèt	fork	vè	glass
kouto	knife	asyèt	plate

III. Manje (food)

dlo	water	mango	mango
lèt	milk	chadèk	grapefruit
ji	juice	mandarin	tangarine
kafe	coffee	melon	watermelon
zoranj	orange	bannann	plantain

IV. Pati nan kò n (parts of the body)

zepòl	shoulder	cheve	hair
jenou	knee	ponyèt	wrist
pye	foot	dan	tooth

V. Nimewo (numbers)

onz	eleven	sèz	sixteen
douz	twelve	disèt	seventeen
trèz	thirteen	dizuit	eighteen
katòz	fourteen	diznèf	nineteen
kenz	fifteen	ven	twenty

VI. Bagay ki nan sal de ben (bathroom items)

pat dantifris	toothpaste	savon	soap
bwòs a dan	toothbrush	sèvyèt	towel

VII. Adjektif (adjectives)

mouye	wet	chagren	sad
sèk	dry	wo	tall
kontan	happy	kout	short

VIII. Lòt mo itil (other useful words)

mont	watch (noun)	konbyen	how much, how many
chak	each		

Chapit 11

Reentry Material

Pran zoranj-la nan men gòch ou epi depoze l sou janm dwat Jozèf.

Al chèche kouto-a mache rive sou fenèt-la epi frape fenèt-la dousman ak kouto-a.

Al sou tab-la, vide dlo nan vè-a mache rive sou fenèt-la epi voye dlo-a deyò.

Basic Material I

Lwi, kanpe epi kouri tout otou klas-la.

*Ki sa Lwi ap fè?

*L ap kouri tout otou klas-la.

Mari, kenbe liv ble-a nan men dwat ou.

*Ki sa Mari genyen nan men dwat li.

*Li genyen yon liv ble.

Jak, frape nen pwofesè-a dousman.

*Ki sa Jak ap fè?

*L ap frape nen pwofesè-a.

Kawòl, manje mango-a.

*Ki sa ou ap fè?

*M ap manje mango-a.

*Ki sa Kawòl ap fè?

*L ap mange mango-a.

Jan, chita kote Dolorès.

*Ki moun ki chita kote Dolorès?

*Se Jan ki chita kote Dolorès.

Mak, deboutonnen chemiz ou.

*Ki moun k ap deboutennen chemiz li?

*Se Mak k ap deboutonnen chemiz li.

Jozèf, louvri fenèt-la.

*Ki moun k ap louvri fenèt-la?

*Se Jozèf k ap louvri fenèt-la.

BEST COPY AVAILABLE

Novelty

Lwi, mache rive sou tablo-a, pran lakre-a, chita atè-a epi ekri nimewo telefòn ou atè-a.

*Ki moun k ap mache rive sou tablo-a?
Lwi.

*Ki sa Lwi ap pran?
Lakre-a.

*Ki kote Lwi ap ekri?
Atè-a.

*Ki sa Lwi ap ekri?
Nimewo telefòn li.

Ani rale cheve Karin, deboutonnen kosaj li, wete soulye l epi pran soulye-yo, al mete-yo anba chèz pwofesè-a.

*Ki moun k ap rale cheve Karin.
Ani.

*Ki sa Ani ap deboutonnen.
Kòsay Karin-lan.

*Ki sa Ani ap wete?
Soulye Karin-yo.

*Ki kote Ani ap mete soulye-yo?
Anba chèz pwofesè-a.

Basic Material II

Ekri non ou.
Ekri prenon ou.
Ekri siyati ou.
*Ki prenon ou?
*Ki siyati ou?
*Ki jan ou rele?
*M rele _____.

Ivòn, al sou tablo-a.

Ekri prenon ou.

Ekri siyati ou.

*Anita, ki prenon li?

*Ki siyati li?

*Ki jan li rele?

*Li rele _____.

*Ki jan rele pwofesè nou?

*Li rele _____.

*Ki jan rele moun ki agòch ou?

*Li rele _____.

Novelty

Mari, al chita kote Ani Lafayèt, pran plim li ekri prenon li nan liv le. Kanpe, montre klas-la bagay ou ekri nan liv li.

*Ki prenon moun ki chita kote Mari-a.

Ani.

*Ki siyati moun ki chita kote Mari-a.

Lafayèt.

*Ki Jan rele fi ki chita kote Mari-a.

Ani Lafayèt

*Ki sa Mari ap pran?

Plim Ani-a.

*Ki sa Mari ap ekri?

Prenon Ani-a.

*Ki kote Mari ap ekri?

Nan liv Ani-a.

*Ki moun Mari ap montre bagay li ekri nan liv-la?

Klas-la.

Mak, manyen zorèy madanm ki kanpe deyè chèz Dolorès-la, penche zorèy madanm-nan, mete men-ou tout otou zepòl-li, mete tèt ou sou janm li, epi domi.

*Ki sa Mak manyen.
Zorèy madanm-nan.

*Ki kote madanm-nan kanpe?
Deyè chèz Dolorès-la.

*Ki kote Mak ap mete men li.
Tout otou zepòl madanm-nan.

*Ki sa Mak mete sou janm madanm-nan?
Tèt li.

*Ki sa Mak ap fè sou janm madanm-nan.
L ap domi.

*Ki jan madanm-nan rele.
Anita Jozèf.

Chapit 12

Reentry Material

Al kanpe kote Jozèf. Pran men dwat ou epi manyen zepòl dwat Jozèf.
Pran men gòch ou epi manyen zorèy dwat Jozèf-la.
Tout moun, kanpe. Manyen ponyèt gòch nou epi pran mont nou. Bay pwofesè-a mont nou. Al chita, mete men dwat nou sou tèt nou epi ri.
Pran liv ou, jete li atè-a, kriye. Souri lè pwofesè-a pran liv ou epi lè li depoze liv-la sou tab-la.

Basic Material 1

Kawòl, mache rive sou Anita epi penche nen li.
*Nen ki moun Kawòl ap penche? Nen Anita.

Dolorès, pran liv Jak-la epi voye l atè-a.
*Liv ki moun Dolorès ap voye atè-a? Liv jak-la.

Li jounal-la.
Li liv ou.
Li sa pwofesè-a ekri sou tablo-a.

Gade foto Ayiti nan liv ou.
Gade tout otou klas-la.
Gade deyò.

Jan, mande pwofesè-a ki jan li rele.
*Msye, ki jan ou rele?
*M rele _____.

Jozèf, mande madanm ki agòch ou-a ki jan li rele.
*Madanm, ki jan ou rele?
*M rele _____.

Lwi, mande Ivòn ki kote plim li ye.
*Ivòn, ki kote plim ou ye?
*Li anba chèz mwen.

Novelty

Terèz, pran liv mawon ou-a, louvri li epi chèche foto yon madanm nan liv-la. Montre pwofesè-a foto-a epi li sa ki ekri anba foto-a.

Toma, mande moun ki adwat ou-a ki jan li rele. Al sou tablo-a epi ekri non li sou tablo-a. Ekri siyati l sèlman.

Anita, gade tout otou klas-la epi chèche tout moun ki genyen je ble-yo. Kwoke fi ki genyen je ble-yo epi frape gasòn ki genyen je ble-yo.

Basic Material II

The following segment introduces the days of the week. In order to do this you need a set of numbered flashcards, each having one day and number and beginning with Sunday as the first day. This material also includes for the first time the past marker "te" but it is only used incidentally here.

*Jodia se lendi. Se dezyèm jou semèn-nan.

*Yè te dimanch. Dimanch, tout moun al legliz.

Mak, pran lendi nan pil-la epi bay Jan li.

Jak, pran dimanch nan pil-la epi mete li nan men Anita.

*Anita, ki jou ou ap kenbe?

*M ap kenbe dimanch.

*Ivòn, ki jou jodia ye?

*Se lendi.

Ivòn, montre klas-la ki jou jodia ye.

*Demen se madi.

Jozèf, kouri sou tab-la, pran madi nan pil-la epi al bay Kawòl li.

*Kawòl, ki jou demen ye?

*Demen se madi.

*Jak, ki sa ki premye jou nan semèn-nan?

*Dimanch se premye jou nan semèn-nan.

*Mari, ki sa ki twazyèm jou nan semèn-nan?

*Madi se twazyèm jou nan semen-nan.

Toma, sote rive sou tab-la epi pran mèkredi nan pil-la.

*Toma, ki sa ki katriyèm jou nan semèn-nan?

*Mèkredi se katriyèm jou nan semèn-nan.

*Apre Mèkredi se jedi.

*Jodia se jedi.

*Ki jou jodia ye?

*Jodia se jedi.

*Si jodia se jedi, ki jou demen ye?

*Demen se vandredi.

Dolorès, al pran vandredi nan pil-la epi bay Jan li.

47

BEST COPY AVAILABLE

*Apre vandredi se samdi

*Samdi se dènye jou nan semèn-nan.

Lwi, mache rive sou tab-la, pran samdi nan pil-la epi montre tout moun li.

Novelty

Lisa, al prale dezyèm ak twazyèm jou nan semèn-nan, mete dezyèm jou nan semèn-nan sou tèt Mari epi mete twazyèm jou nan semèn-nan dèyè chèz pwofesè-a.

Mak, konte jou nan semèn-nan. Konbyen jou ki genyen nan yon semèn? (Sèt)

Anita, al sou tab-la, mete mèkredi kote lendi, pran vandredi epi mete li anba dimanch. Kounyea, pran samdi epi voye li atè-a.

Listening/Reading Activity - LEKÒL

Lekòl an Ayiti divize an de etap prensipal. Genyen etap primè-a, ti moun-yo kòmanse lekòl primè lè yo gen sizan; epi genyen etap segondè-a. Elèv-yo pase setan nan lekòl primè, apre sa, yo pase ankò setan nan lekòl segondè.

Nan denyè ane lekòl segondè, genyen on egzamen nasyonal pou elèv-yo pran. Se egzamen bakaloreya. Si on elèv pa pase nan bakaloreya, li p ap kapab ale nan inivèsite.

Lekòl an Ayiti konsantre lavil: An deyò gen kèk lekòl primè leta. Men le pli souvan yo pa janm genyen tout sè. ane etap primè-a. Pa gen lekòl segondè. Moun an deyò pa gen lajan pou voye pitit-yo lekòl lavil. Alò laplipa ti moun an deyò pa konn li ak ekri.

Nan vil-yo genyen lekòl prive ak lekòl leta. Pami lekòl prive-yo genyen lekòl katolik-yo. Enstriksyon an Ayiti kontwole pa Ministè Edikasyon Nasyonal nan Pòtoprens. Se Pòtoprens ki gen pi plis ak pi bon lekòl-yo. Pa egzanp nan kèk vil pwovens pa gen lekòl segondè katolik. Elèv-yo al nan lekòl segondè leta yo rele "lise." Enstriksyon nan lise-yo pa bon tankou nan lekòl prive-yo.

Chapit 13

Reentry Material

Tout moun, gade tablo-a.
*Ki sa n ap fè?
*N ap gade tablo-a.

Mak, kwoke Kawòl.
*Ki sa Mak ap fè?
*L ap kwoke Kawòl.

Jan, danse tout otou tab-la.
*Ki sa Jan ap fè?
*L ap danse tout otou tab-la.

Ivòn, Terèz, Jak, sote devan fenèt-la.
*Ki sa Ivòn, Terèz ak Jak ap fè?
*Y ap sote devan fenèt-la.

Basic Material I

The following section introduces relative clauses. It is important to note that in Creole a relative pronoun is generally used only when it acts as subject of the relative clause. That pronoun is (ki) before a consonnant and (k) before a vowel.

Fi-yo, al kanpe devan tablo-a.
Jan, al kanpe dèyè fi ki pi wo-a.

Gason-yo, kanpe dèyè tab-la.
Dolorès, al kwoke gason ki pi kout-la.

Toma, kanpe devan tab-la.
Jak, kanpe devan tablo-a.
Mari, manyen gason-an k ap kanpe devan tablo-a.

Anita, sote.
Kawòl, danse.
Lwi, manyen fi k ap sote-a.

No relative pronoun is used for direct object. Compare.

Mari, siye tab-la.
*Mari siye tab-la.
*Anita manyen tab-la. (Mari siye tab-la.)
*Anita manyen tab Mari siye-a.
(Anita touched the table that Mary wiped.)
(Anita touched the table Mary wiped.)

In English we may use the relatives pronouns that, who(m), which or no relative pronoun in similar cases.

Novelty

Tout moun, kanpe devan chèz nou, manyen moun ki agòch nou-a epi frape moun ki adwat nou-a sou nen li.

Anita, pran lakre vèt-la epi ekri non ou sou tablo-a.
Mari, kouri vit epi penchen moun k ap ekri sou tablo-a.

Kawòl, pran kouto-a epi koupe men dwat ou.
Mak, kenbe men Kawòl ap koupe-a.

Basic Material II

Kanpe, danse rive sou chèz pwofesè-a, pran liv ble-a ki sou chèz-la epi boy pwofesè-a liv sa-a.
Al chèche kreyon wouj-la ki sou tab-la epi voye kreyon sa-a atè-a.
Pran plim vèt-la epi mete plim sa-a sou tèt Toma.
Sote rive sou tab-la, pran liv kreyòl-la epi liv franse-a, bay Jozèf de liv sa-yo.
Pran yon kreyon, yon plim epi yon liv; mache rive sou fenèt-la epi depoze bagay sa-yo devan fenèt-la.
Chwazi twa fi ki gen cheve long epi al kanpe dèyè fi sa-yo.

Novelty

Mak, pran men Anita, men Kawòl, men Mari epi vide dlo sou men medàm sa-yo.
Dolorès, al chèche yon jip, yon kosaj, yon pè ba epi eseye rad sa-yo.
Jan, achte yon chemiz, yon pantalon epi yon kravat. Mete kravat sa-a nan sak ou epi eseye chemiz sa-a.

Chapit 14

Reentry Material

Anita, mache rive sou Ivon.
Wete soulye l.
Kounyea eseye soulye-yo.

Toma, leve bra ou.
Mete yo sou tèt ou.

Jak, deboutonnen chemiz-ou.
Mari, al boutonnen chemiz Jak-la.

Lwi, al chita kote madamn ki gen kosaj jòn-lan, mete bra-ou tou otou zepòl li.
Kawòl, pran kosaj-yo, montre tout moun kòsaj-yo.

Basic Material I

*Kawòl ap travay nan magazen.
Kawòl, vann kòsaj-yo.
*Kawòl ap vann kòsaj-yo.

Mari, gade kòsaj-yo.
Gade kòsaj blan-an.

Anita, al chwazi kosaj ble-a.
Chwazi on jip wouj.

Lwi gade pantalon nwa-a.
Eseye pantalon-an.
Achte pantalon-an.

Kounyea, Lwi peye pantalon-an.
Bay madanm-lan lajan-an.

Anita chwazi wòb woz-la.
Eseye wòb-la.

BEST COPY AVAILABLE

Jak, gade soulye-yo.
Eseye-yo.
Achte yo.
Peye yo.

Novelty

Dolorès, mache rive sou tab-la, manyen wòb-yo epi chwazi wòb blan-an.

Ani, al kanpe kote Dolorès, pran kosaj blan-an nan men li.
Wete mayo-ou, eseye kòsaj-la, epi achte li.

Jan al sou tab-la, chwazi twa zoranj, al bay Gabi zoranj-yo, epi peye l.

Basic Material II

Al nan mache
Al achte manje:

The following segment is a list of different food items placed in categories.

fri	legim	vyann	sereyal
fig	pòmdetè	poul	diri
zoranj	pwa	biftèk	mayi
chadèk	kawòt	(bèf)	pitimi
melon	leti	griyo	
kowòsòl	zaboka	(kochon)	
mandarin	tomat	kabrit	
zabriko	berejèn		
sitron			

zepis	viv	pwason	lot bagày
sèl	bannann	aransò	kafe
pwav	patat	lanmori	zè
luil	yanm	krab	lèt
vinèg		lanbi	sik
piman		kribich	
lay		sadin	
pèsi			
zonyon			

Novelty

Mari, al nan mache, chwazi twa zoranj, gade yo byen, achte yo, epi peye madanm-nan.

Anita, al sou tab-la gade tomat yo, konte de tomat byen wouj, mete yo sou tèt ou, mache rive sou Jak, epi ba l tomat yo.

Kawòl al nan mache, achte zepis, achte yon ti lay, yon ti piman epi yon ti pwav.

Ivòn, pran luil-la ak vinèg-la epi vide yo sou leti-a.

Kounyea manje leti-a.

Jak, mete vyann kochon-an nan asyèt ou, mete twa pòmdetè kote vyann-nan, pran asyèt manje-a, mache rive sou Nikòl epi ba l manje-a.

Listening/Reading Activity - MACHE

Mache an Ayiti se kote tout machann epi tout peyizan-yo vini pou yo vann tout bagay-yo.

Nan mache, moun jwenn tout kalite bagay pou manje: legim, fri, diri, vyann, viv etc... Nan mache genyen bèt vivan tou, tankou poul, kabrit, kochon. Apa manje, yo vann nan mache diferan kalite lòt bagay tankou rad, chapo pay; yo vann chodyè, kaswòl, ak tout kalite bagay moun bezwen nan kay.

Mache an Ayiti toujou plen moun paske nan mache bagay-yo koute pi bon mache pase nan magazen. Lè moun al nan mache, fòk yo machande ak machann-yo pou yo jwenn bagay-yo pou yon pi bon pri.

Lavil gen mache tou lè jou. An deyò nan ti bouk-yo, gen mache an jeneral de jou pa semèn.

Chapit 15

Reentry Material

Mete men ou nan panyen-an, epi pran sis ze.
Mache rive kote machann fri-a epi chwazi kat chadèk, twa zoranj, ak sis ti sitron vèt.
Al eseye pantalon mawon-an, dezipe-l, wete l epi al depoze l anba chèz-la.

Basic Material I

Jozèf, gade chemiz-yo.
Pran yon chemiz ble manch long.
Al eseye chemiz-la.

*Chemiz sa-a two gran pou ou.
Al chwazi yon lòt.
Eseye-li.

*Chemiz sa-a two piti pou ou.
Chwazi yon lòt chemiz, eseye li.

*Chemiz sa-a bon pou ou.
Kounyea, Jozèf, achte yon pantalon ak yon vès ki ale ak chemiz-la.
Achte pantalon gri-a ak vès gri-a.
*Yo ale ak chemiz la.

Pran yon kravat ble e blan.
Mete kravat-la nan kou-ou.
*Kravat-la fè ou byen, l ale ak vès-la.

Kawòl, al chwazi yon wòb.
Chèche yon sayz ki bon pou ou.
*Sayz douz-la bon pou ou.

Chwazi yon valiz ki ale ak wòb-la.
Achte wòb-la al valiz-la.

Novelty

Jan, al nan magazen, gade chemiz manch kout-yo, chwazi youn ki bon pou ou, eseye l epi peye msye-a.

Lwi, deboutonnen chemiz Jak-la, wete l sou li.

Pran mayo ble-a, mete l sou li, epi mete mayo-a nan pantalon-an.

Basic Material II

Mete kalson-ou.

Mete chemizèt ou.

Mete chosèt-ou.

Mete kilòt ou.

Mete soutyen ou.

Mete ba ou.

Ede Mari mete ba l.

Mete chapo-ou nan tèt ou.

Pran kilòt blan-an.

Mete l sou ou.

Novelty

Jak al nan magazen, chwazi yon pè chosèt ak yon pè soulye.

Mete chosèt-yo ak soulye-yo nan pye ou.

Kounyea mache nan mitan magazen-an, leve pye dwat ou, montre tout moun bèl soulye ak bèl chosèt ou.

Mari, al gade chapo-yo, pran chapo jòn-lan, mete l nan tèt ou, mache rive sou Ivòn, wete chapo-a, mete l nan tèt Ivòn.

Dolorès, al chèche ba-ou ak soutyen ou, mete yo sou chèz-la.

Anita ede Dolorès mete ba l epi boutonnen soutyen l.

Activity

At this point, students who feel confident enough may engage in role playing activities. Before starting this activity, the class could be converted into a store where different items of clothing would be displayed.

BEST COPY AVAILABLE

Vocabulary List III

I. Ki jan yo fè kesyon (How to ask questions)

eske	(question word for yes/no questions)		
ki sa	what	ki kote	where
ki moun	who	ki jan ou rele	what is your name
konbyen	how many/how much	ki jan/kouman	how

II. Jou nan semèn-nan (days of the week)

jou	day	lendi	Monday
jodia	today	madi	Tuesday
yè	yesterday	mèkredi	Wednesday
demen	tomorrow	jedi	Thursday
semèn	week	vandredi	Friday
dimanch	Sunday	samdi	Saturday

III. Nimewo òdinal-yo (ordinal numbers)

premye	first	sisyèm	sixth
dezyèm	second	setyèm	seventh
twazyèm	third	uityèm	eighth
katriyèm	fourth	nevyèm	ninth
senkyèm	fifth	disyèm	tenth

IV. Rad (clothing)

kalson	man's briefs	ba	stockings
chemizèt	undershirt	chapo	hat
chosèt	socks	manch	sleeve
kilot	panties	sayz	size
soutyen	bra	machann	market saleslady

V. Vèb (verbs)

kriye	cry	gade	look at
souri	laugh	chwazi	choose
mande	ask	eseye	try on
kenbe	hold	achte	buy
konte	count	peye	pay
li	read	ede	help
vann	sell		

VI. Manje (food)

Fri (fruits)

fig	banana
zoranj	orange
chadèk	grapefruit
melon	watermelon
kowòsòl	soursap
mandarin	tangerine
zabriko	
sitwon	lime, lemon

Legim (vegetables)

pòmdetè	potato
pwa	beans
kawòt	carrot
leti	lettuce
zaboka	avocado
tomat	tomato
berejenn	eggplant

Zepis (spices)

sèl	salt
pwav	pepper
luil	oil
vinèg	vinegar
piman	hot pepper
lay	garlic
pèsi	parsley
zonyon	onion

Vyann (meat)

poul	chicken
biftèk	beefsteak
bèf	beef
griyo	fried pork
kochon	pork
kabrit	goat meat

Sereyal (cereal)

diri	rice
mayi	corn
pitimi	millet

Viv (starchy vegetables)

bannann	plantain
patat	sweet potato
yanm	yam

Pwason (fish)

aransò	herring
lanmori	codfish
krab	crab
lanbi	conch
kribich	shrimp
sadin	sardine

Lòt bagay (other foods)

kafe	coffee
ze	egg
lèt	milk
sik	sugar

VII. Lòt mo itil (other useful words)

telefòn	telephone
prenon	first name
siyati	family name
bagay	thing
jounal	newspaper
foto	photograph
pil	pile
magazen	store
panyen	basket
pi	more
sa-a	this
sa-yo	these

Chapit 16

Reentry Material

Mak, pran uit kouto nan panyen-an epi mete yo sou tab-la.
Kawòl, al chwazi yon valiz nwa ak yon chapo k ale ak valiz-la.
Anita, kouche atè-a mete men ou dèyè tèt ou.
Jan, vide dlo nan vè-a, mache rive sou Anita epi vide dlo sou je l.
Pòl, pran sèvyèt-la, al siye je Anita epi ede l kanpe.

Basic Material I

The following segment is a review of the Ki (wh) questions. Students who volunteer provide whatever answer they think is appropriate to the question asked.

*Ki kote Mari chita?
(Mari chita kote Jak/Mari chita deyè Anita/Mari chita devan Mak)

*Ki moun ki chita kote Jak?
(Kawòl chita kote Jak/Kawòl chita kote l)

*Ki sa ou ap fè dimanch?
(Dimanch m pral legliz/Dimanch m ap etidye.

*Ki vyann ou renmen?
(m renmen griyo/m renmen poul)

*Konbyen chèz genyen nan klas-la?
(Genyen dis chèz nan klas-la.)

*Konbyen elèv genyen nan klas-la?
(Genyen uit elèv nan klas-la.)

Novelty

Jak, pouse tout chèz ki genyen nan klas-la sou tablo-a, lè ou fini, wete chemiz ou, wete soulye ou, kouche nan mitan klas-la, epi rele.

*Lamèsi, ki kote Jak kouche?
(Li kouche nan mitan klas-la.)

*Karin, ki sa Jak ap fè?
(L ap rele.)

*Dolorès, louvri sak ou, pran lajan-an epi al bay msye, ki gen chemiz manch kout la, lajan-an.

*Ani, ki moun Dolorès ap bay lajan-an?
(L ap bay msye ki gen chemiz manch kout-la lajan-an.)

Basic Material II

Basic Material II like Basic Material I does not consist of commands. It is a review of yes/no questions with the question word eske.

*Eske ou ap domi?
(Wi, m ap domi/non, mwen p ap domi)

*Eske Mari chita kote Jak?
(Wi, Mari chita kote Jak/non, Mari pa chita kote Jak)

*Eske Ivòn ap louvri pòt-la?
(Wi, Ivòn ap louvri pòt-la/non, Ivòn p ap louvri pòt-la)

*Eske Ivòn ap fèmen pòt-la?
(Wi, Ivòn ap fèmen pòt-la.)

*Mari, eske Bòb ap deboutonnen chemiz li?
(Non, Bòb p ap deboutonnen chemiz li.)

Novelty

Lamèsi al chwazi yon jip ki twò gran pou ou, mete l sou ou epi mache nan mitan klas-la.

*Eske jip lamèsi-a bon pou li?
(Non, li pa bon pou li/Li twò gran pou li)

*Pòl, al sou tab-la pran yon zoranj pran yon kouto, koupe zoranj-la epi manje l.

*Eske Pòl ap manje yon mandarin?
(Non, l ap manje yon zoranj.)

Listening/Reading Activity - KI JAN YO FÈ PEN PATAT

Ou vle manje yon pen patat. Men bagay pou ou achte pou ou fè pen patat-la: Patat - fig - ze - bè - sik - kannèl - miskad - sitron.

--Graje patat-la

--Kraze fig-la, melanje li nan patat-la.

--Vide kèk ze antye

--Mete yon ti sik

--Mete yon ti kannèl

--Mete yon ti miskad

--Mete yon ti zès sitron oswa yon ti po sitron.

--Brase tout bagay, sa-yo ansanm.

--Vide li nan yon veso.

--Limen fou-ou.

--Kite li chofe pandan di minit

--Kuit pen patat-ou sou 375 degre pandan inè detan

Chapit 17

Reentry Material

Mak, vide dlo sou tab-la.

Al chèche yon sèvyèt.
Siye tab-la epi al depoze sèvyèt-la sou fènet-la.

Al sou tablo-a, ekri sayz wòb ou mete-a.

Ekri sou tablo-a non twa legim ou renmen manje.

Pran chapo-a, al sere l anba chèz pwofesè-a.

Pran mouchwa-a nan pòch ou epi siye nen ou ak mouchwa-a.

Basic Material I

Mari, al kanpe dèyè on moun ki kout.
Jak, al chita sou janm yon moun ki wò.
Ivòn, bay Mak sèvyèt ki mouye-a, epi pran sèvyèt ki sèk-la, al mete l sou tèt moun ki pi wo nan klas-la.
Mete foto bèl gason-an nan mitan tab-la.
Mete foto gason ki lèd-la sou tèt Ani.
Mete kreyon ble-a nan gwo bwat-la.
Mete kreyon jòn-lan nan ti bwat-la.
Pran kòd ki kout-la, voye l sou Ivòn.
Pran kòd ki long-la, mete l tout otou pye Mari.
Mete men ou sou cheve elèv ki chagren-an.
Al chita sou elèv ki kontan-an.

Novelty

Pran men dwat Mari, ekri non l sou li ak kreyon wouj-la, fè men l sal anpil.

Jan, al pran yon sèvyèt mouye, mache rive sou Mari, pran men l, netwaye l.

Karin, pran pè chosèt mawon-an, al mete l nan pye Gabi, epi mete soulye l nan pye l pou li kontan.

Jan, al voye plim Gabi-a deyò.
*Gabi pa gen kreyon, li chagren.

BEST COPY AVAILABLE

Basic Material II

Jak, sote tout otou klas-la.
*Jak ap sote anpil, li bouke.

Mari, kouri vit rive sou mi-a, kouri vit sou tablo-a, kouri rive sou pòt-la.
*Mari ap kouri anpil, li bouke.

Ivòn, voye kòd ki long-lan dousman sou tèt Gabi.
Jak, penchen Gabi nan bra-l.
*Gabi pa kontan, li move.

Pran liv Simon-an, al sere l deyè pòt-la.
*Simon pa gen liv, li move.

Jan, etenn limyè nan klas-la.
*Pa gen limyè nan klas-la, fè nwa, mwen pè.

Dolorès, pouse Ani deyò nan fenèt-la.
*Ani ap pouse Dolorès deyò, Dolorès pè.

Novelty

Mari, sote ven fwa nan mitan klas-la; lè ou fini, ou bouke; mete tèt ou sou tab-la, fèmen je ou epi wonfle.
Tout moun kouri vit tout otou chèz pwofesè-a, kouri vit rive nan pòt-la, kouri sou tablo-a. Nou bouke, kouche atè-a, wete soulye nou epi domi.
Ani, pran ven dola nan sak-ou epi al bay Gabi lajan-an.
Gabi, ou kontan; kwoke Ani.
Jan rale cheve Ivòn, vide dlo sou cheve l, pran bwòs-la, frape Ivòn dousman ak li.
Ivòn, ou move, rele, rele fò.

Chapit 18

Reentry Material

Jak, penchen Mari nan bra l.
Mari, lè Jak penchen ou nan bra ou, rele.

Anita, Kouri tout otou tab-la, lè ou bouke kouche atè-a, epi domi.

Kawòl, al eseye jip woz-la, epi chèche yon kòsaj k ale ak li.

Jan, etenn tout limyè nan klas-la.
Tout moun, lè fè nwa, nou pè, rele.

Basic Material I

Danse ak Mari.
Al danse nan mitan klas-la.
Danse tout otou tab-la.

Jwe gita.
Jwe pyano.
Jwe volebòl ak boul-la.
Jwe foutbòl ak boul-la.
Jwe kat.

Chante yon chante.
Chante pou ou fè Mari kontan.
Chante pandan ou ap danse tout otou tab-la.

Pale kreyòl ak Pòl.
Pale dousman.
Pale fò.
Pale angle ak pwofesè-a
Pale franse ak Ivòn.
Pale panyòl ak Albèto.

Novelty

Lwi, mache rive sou fi ou renmen nan klas-la, mete li chita sou janm ou.
Mete tèt-li sou zepòl ou epi chante yon bèl chante pou li.

Jan, pran gita ou.
Pouse tab-la nan mitan klas-la, kanpe sou tab-la epi jwe gita ou.

Anita al ranmase boul-la, voye l dousman sou Karin epi jwe volebòl.

Jina, chante yon chante kreyòl, mache rive sou Albè, pran bra li, fè li
kanpe epi danse ak li nan tout klas-la.

Basic Material II

Pòl, danse nan mitan klas-la.
*Pòl kapab danse nan mitan klas-la.

Anita, jwe pyano.
*Anita kapab jwe pyano.

Kawòl, mete kat liv atè-a.
Sote anwo liv sa-yo.
*Kawòl kapab sote anwo liv sa-yo.

Jan manyen plafon an.
*Jan pa kapab manyen plafon-an.

Ivon, pale panyòl.
*Ivon pa kapab pale panyòl.

Novelty

Jan, pran gita-a, epi jwe gita pou tout moun.

*Jan kapab jwe gita.
*Eske Jan kapab jwe gita?
*Wi li kapab jwe gita.

Pòl, kanpe sou chèz-la, epi manyen plafon-an.
*Pòl kapab manyen plafon-an.
*Eske Pòl kapab manyen plafon-an?
*Li kapab manyen plafon-an.

Ivòn, pouse tab-la sou tablo-a.
*Ivòn, pa kapab pouse tab-la sou tablo-a.
*Eske Ivòn kapab pouse tab-la sou tablo-a?
*Non, li pa kapab pouse tab-la sou tablo-a.

Role Reversal

Students ask each other what they can do and ask each other to do it.

Listening/Reading Activity - RELIJYON

Paske Ayiti te yon ansyen koloni Lafrans, relijyon konlon franse-yo relijyon katolik, te vin etabli nan peyi-a. Apa relijyon kolon-yo, esklav-yo te vini ak relijyon Afrik-yo tou. An Ayiti depi sou tan lakoloni, te toujou gen de relijyon:

Gen relijyon katolik kap sèvi Bon Dye.
Gen relijyon vodou kap sèvi Gran mèt-la.
Relijyon katolik-la se relijyon ofisyèl-la.
Relijyon vodou-an se relijyon pèp-la.

Vodou se yon relijyon ki te kreye depi tan lesklavay. Se yon melanj relijyon Afrik esklav-yo te pote, ak relijyon katolik kolon-yo te pote. Nan vodou-a, pèp-la envoke lespri, lwa ansèt Afrik-yo. Yo kwè nan lwa sa-yo paske lwa-yo kapab regle tout zafè-yo epi lwa-yo kapab ede yo jwenn Gran mèt-la.

Chapit 19

Reentry Material

Mari, al sou tablo-a, ekri siyati ou.
Jak, pran dlo epi vide l sou tab-la. Lè ou fini tab-la mouye; al chèche yon sèvyet pou ou siye tab-la.
Ani, bay chak elèv nan klas-la senk kat.
Anita ak Jan, pran boul-la, epi al jwe foutbòl.

Basic Material I

The following segment introduces more Ki (wh) type questions.

*Ki sa ou ap etidye nan Inivèsite-a?
*M ap etidye kreyòl.

*Ki lang ou kapab pale?
*Mwen kapab pale fransè, angle epi kreyòl.

*Ki jwèt ou kapab jwe?
*Mwen kapab jwe foutbòl, epi volebòl

*Ki enstriman ou kapab jwe.
Mwen kapab jwe gita epi pyano.

*Ki laj ou?
*Mwen gen vennsenk an.

Novelty

Mari, al sou tablo-a, pran lakre-a, epi ekri laj-ou sou tablo-a.
*Kawòl, ki laj Mari.
*Mari gen vennde zan.

Kawòl, pale angle ak pwofesè-a.
*Ki lang Kawòl ap pale ak pwofesè-a.
*L ap pale angle ak pwofesè-a.
*Eske l ap pale fransè ak pwofesè-a?
*Non, l ap pale angle ak pwofesè-a.

BEST COPY AVAILABLE

Jan, kanpe nan mitan klas-la chante, epi jwe gita.

*Ki enstriman Jan kapab jwe?

*Jan kapab jwe gita.

Basic Material II

The following segment introduces how to tell time in Haitian Creole. It will be quite useful to teach time by means of a clock.

*Ki lə li ye?

*li midi
*li inə
*li dezə
*li twazə
*li katrə
*li senkə
*li sizə
*li setə
*li uitə
*li nevə
*li dizə
*li onzə
*li minui

Al sou tablo-a epi menyen dezə.

*Ki lə li ye?

*Li dezə.

Sote rive sou tablo-a epi menyen setə.

*Ki lə li ye?

*Li setə.

Mache rive son tablo-a epi montre sizə.

*Ki lə li ye?

*Li sizə.

Al sou tablo-a epi montre midi.

*Ki lə li ye?

*Li midi.

Gade mont ou.

*Ki lə li ye?

*Li _____.

*Jak, li dizè di swa. Ki sa ou ap fè?

*Anita, li uitè di maten. Ki sa ou ap fè?

*Jan, li katrè de lapremidi. Ki sa ou ap fè?

*Kawòl, li setè di swa. Ki sa ou ap fè?

Novelty

Mak, mete mont ou sou dizè.

Kawòl, mete mont ou sou senkè, epi pran yon kawòt nan valiz ou epi manje l.

Ivòn, mache rive sou tab-la, mete revèy-la sou midi. Lè fini, kouche atè-a, fèmen je ou epi wonfle.

Jan, pran kreyon jòn-la, mache rive sou Ani, pran men gòch li, desine yon revèy sou li, epi ekri onzè sou revèy-la.

Chapit 20

Reentry Material

Kawðl, pran pè chosèt mwa-a, mete l nan pye ou.
Jak, al ekri sou tablo-a non twa vyann ou renmen manje.
Ani, pran kreyon wouj-la mache rive sou Ivðn, pran men dwat li epi desine yon boul sou li.
Jak, pran yon sðvyðt ki mouye, al netwaye men Ani.

Basic Material I (Time continued)

*Ki lè li ye?
*Li midi.

*Ki lè li ye?
*Li midi edmi.
*Li inè edmi.
*Li senkè edmi.
*Li twazè edmi.
*Li setè edmi.

*Ki lè li ye?
*Li dezè eka.
*Li katrè eka.
*Li sizè eka.
*Li uitè eka.

*Ki lè li ye?
*Li dizè mwennka.
*Li nevè mwennka.
*Li minuí mwennka.

*Ki lè li ye?
Li dezè.
*Ki lè li ye?
*Li dezè senk.
*Li dezè dis.
*Li dezè eka.
*Li dezè ven.
*Li dezè vennsenk.
*Li dezè edmi.

*Ki lè li ye?
*Li katrè.
*Ki lè li ye?
*Li katrè mwen vennsenk.
*Li katrè mwen ven.
*Li katrè mwennka.
*Li katrè mwen dis.
*Li katrè mwen senk.
*Li senkè.

Novelty

Jak, al mete revèy-la sou senkè mwen dis epi montre klas-la ki lè li ye?
Kawòl, mete mont ou sou midi, li lè pou ou manje. Pran yon zoranj nan valiz ou, epi manje l.
Ivoñ, al kanpe deyè pòt-la, mete mont ou sou lè klas-la fini. Retounen nan mitan klas-la epi montre tout moun a ki lè klas-la fini.

Basic Material II

Asking questions with time. (A ki lè)

*A ki lè ou manje lematen?
*Mwen manje a setè edmi.

*A ki lè ou kouche leswa?
*Mwen kouche a onzè.

*A ki lè ou al nan mache?
*M al nan mache a inè.

*A ki lè klas-la kòmanse?
*Klas-la kòmanse a nevè edmi.

*A ki lè klas-la fini?
*Klas-la fini a katrè mwennka.

*A ki lè ou reveye lematen?
*Mwen reveye a sètè.

Novelty

Mak, al sou tablo-a, pran lakre-a epi ekri a ki lè ou domi leswa.

*A ki lè Jak domi leswa.
Li domi a dizè edmi.

Ivon, pran revèy-la, mete l sou midi edmi epi di tout moun ki sa ou fè a midi edmi.

*Mwen manje a midi edmi.

Kawòl, wete mont ou nan bra ou, mete l sou senkè eka, epi mache rive sou pwofesè-a mete mont-lan nan bra li, epi mande l ki sa li fè a senkè eka.

*Ki sa ou fè a senkè eka.
*A senkè eka, mwen li journal-la.

Reviewing Questions

Teacher should read story aloud two times. During the second reading, volunteer students can act it out. Afterwards the teacher asks the questions included below.

Elèv-yo nan klas-yo. Li uitè di maten, y ap tann pwofesè-a, Madmwazèl Siz Matye. Klas-la gran. Limyè-yo limen, epi pòt-la louvri. Fenèt-yo femèn. Tablo-a sal. Pòl ap netwaye li. Mari chita deyè tab-la, l ap li liv kreyòl li. Kawòl chita kote Mari, l ap etidye leson gramè li. Bòb ak Marilou ap pale, epi y ap ri. Lwi bouke, li p ap fè anyen.

1. Ki kote elèv-yo ye?
2. Ki lè li ye?
3. Ki moun y ap tann.
4. Ki jan pwofesè-a rele?
5. Ki moun ki ap netwaye tablo-a?
6. Ki sa Mari ap fè?
7. Ki kote Kawòl chita? Ki sa l ap fè?
8. Ki sa Bòb ap fè? Ak ki moun l ap pale?

Listening/Reading Activity - SA MOUN AN AYITI SANBLE

II. Ayiti se yon ansyen Koloni Lafrans. Nan tan lakoloni, blan franse-yo te voye chèche esklav an Afrik pou yo te vin travay sou plantasyon-yo.

Blan yo te renmen fanm nwa-yo. Gen anpil blan ki te fè pitit ak nègès-yo. Melanj blan ak nwa bay diferan koulè moun an Ayiti: Genyen milat, genyen grimo, genyen marabou, genyen nwa.

Milat-yo se moun ki klè anpil. Yo gen cheve long ak swa. Yo sanble blan. Yon fi ki milat rele yon milatrès.

Grimo-yo pa klè-klè tankou milat-yo men yo klè tou. Cheve yo pa swa-swa, men yo pa grenn non plis. Yon fi ki grimo rele yon grimèl.

Marabou-yo se moun ki nwa ak cheve swa tankou milat-yo.

Nwa-yo se moun ki nwa ak cheve grenn. Lamajorite ayisyen-yo nwa. Yon fi ki nwa rele yon nègès.

Vocabulary List IV

I. Vèb (verbs)

etidye	study	ka/kapab	be able to
sere	put away/hide	fè	do
wonfle	snore	desine	draw
kouche	lay down	kòmanse	begin
jwe	play	tann	wait for
chante	sing/song	pè	be afraid
pale	speak		

II. Non (nouns)

legliz	church	angle	English
mouchwa	handkerchief	franse	French
pòch	pocket	plafon	ceiling
bwat	box	boul	ball
kòd	rope	jwèt	game
pè	pair	lang	language
mi	wall	Madmwazèl	Miss
gita	guitar	revèy	clock
volebòl	volleyball	laj	age
foutbòl	soccer	enstriman	musical instrument
kat	card	gramè	grammar
krevòl	Creole		

III. Adjektif (adjectives)

kout	short	ti	small
wo	tall	long	long
bèl	pretty/handsome	chagren	sad
lèd	ugly	bouke	tired
gwo	big	kontan	happy

IV. Lè (time)

ki lè li ye?	what time is it?	maten	morning
